

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa gambaran tina hiji kaayaan anu aya di masarakat, di dieu bisa kagambar kahirupan anu ngawengku hubungan antarmasyarakat, antarmanusa, jeung antarkajadian anu lumangsung dina diri saurang jalma (tokoh).

Unggal jalma miboga carita sarta kaunikan anu aya dina dirina séwang-séwangan, unggal jalma mangrupa palaku utama dina kahirupanana, jeung unggal jalma ogé mangrupa pangarang anu nyieun carita pikeun hirupna sorangan. Hal ieu bisa kawujudkeun ngaliwatan basa jeung bisa jadi hiji kajadian unik, éndah, jeung ngainspirasi.

Sifat sastra anu éndah jeung miboga mangpaat jadi salah sahiji alat pikeun méré gambaran nyata dina dunya fiksi atawa rékaan. Basa éndah nu diréka ku pangarang mangrupa media pikeun nepikeun ideu sarta pikiran pangarang anu ngainterprétasikeun situasi nyata kana wangun fiksi. Imajinasi pangarang anu digabungkeun jeung pangalaman hirup bisa jadi hiji karya sastra nu mangpaat pikeun jalma séjén, bisa jadi motivasi, atawa bisa jadi hiburan pikeun manusa. Ngaliwatan basa, boh lisan boh tulis bisa diguar maksud jeung tujuan nu rék ditepikeun ku pangarang. Salah sahiji tujuanana nya éta salaku pakakas pikeun neruskeun tradisi jeung revitalisasi budaya anu nyampak dina téks.

Carpon mangrupa salah sahiji karya sastra tulis nu lain pamohalan sarta leuwih gampang dipikaharti tibatan karya-karya sastra tulis séjénna, Tarigan (1993, kc. 177), nétélakeun yén ciri-ciri carpon nya éta: a) singget, padet, jeung inténsif; b) unsur utama carpon nya éta adegan, palaku, jeung gerak; c) basa dina carpon fokus, sugéstif, jeung matak ngirut panitén; d) carpon kudu ngandung interférensina pangarang ngeunaan konsépsina kana

Ria Dwi Fartika, 2015

**BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH
KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI
SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kahirupan, boh langsung boh teu langsung; e) carpon kudu nimbulkeun hiji éfék dina pikiran nu maca; f) carpon kudu boga palaku utama; g) carpon gumantung kana hiji kajadian; h) carpon ngébréhkeun hiji émosi; i) carpon kudu miboga kesan anu matak ngirut.

Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* kabagi jadi 15 carpon sedengkeun *Rusiah Kaopatwelas* kabagi jadi dua dapuran, nya éta dapuran kahiji “Si Iblis”, dapuran kadua “Rusiah Kaopatwelas”. Dapuraneun kahiji aya 8 carpon nu nyaritakeun kahirupan jeung pasualan-pasualan di pakampungan, dapuran kadua aya 7 carpon nu nyaritakeun urang kota, ogé urang kota nu tadina ti kampung jeung pasualan-pasualanana. Ieu mangrupa salah sahiji kaunikan anu nyangkaruk dina ieu carpon, aya sawatara kabiasaan-kabiasaan urang Sunda nu geus leungit di jaman kiwari sok sanajan hirup kumbuhna di pileumburan, saperti ngangon domba atawa ulin di kebon awi. Carpon ieu bisa jadi gambaran ka barudak jaman ayeuna pikeun nuduhkeun kumaha kaayaan pakampungan alam harita, hususna Karawang-Bandung.

Panulis kumpulan carpon *Rusiah Kaopatwelas* nya éta Darpan nu aslina urang Karawang, ku kituna latar tempat dina kumpulan-kumpulan carpon ieu loba nyaritakeun patempatan anu aya di Karawang saperti Cikampék. Basa anu digunakeun ogé kaasup babari kaharti ku orang Karawang nu lobana maké basa Sunda kasar atawa campuran Jawa jeung Batawi. Sedengkeun kumpulan carpon nu munggaran dijieun ku Darpan nya éta *Nu Harayang Dihargaan*, ieu carpon kungsi dilélér hadiah sastra Rancagé taun 1998. Panalungtik di dieu milih kumpulan carpon *Rusiah Kaopatwelas* lantaran; (1) pikeun méré gambaran ka barudak jaman ayeuna kumaha kaayaan alam harita di Karawang, nu ayeuna geus loba kagerus ku kaayaan jaman jeung pangaruh globalisasi; (2) Karawang nu baheula disebut “lambung padi” geus teu kagambarkeun deui, ku kituna dipiharep bisa ngamotivasi pikeun ngajaga alam sangkan bisa éndah sarta bisa diturunkeun ka generasi saterusna; (3) nuduhkeun yén orang basisir ogé bisa

Ria Dwi Fartika, 2015

BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngahasilkeun karya-karya Sunda nu umumna loba ditulis atawa ditalungtik ku urang gunung; (4) ngabandingkeun carpon mana anu cocog dijadikeun pikeun bahan pangajaran; jeung (5) bisa jadi bahan alternatif pikeun bahan pangajaran di SMA.

Kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas* bisa dijadikeun alternatif bahan ajar. Tina maca carpon ieu, lian ti ngaguar ajén atikan karakter ogé sacara teu langsung ngajarkeun ajén moral, sawatara ajén anu kapanggih nya éta *religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, rasa ingin tahu, cinta tanah air, menghargai prestasi, cinta damai, gemar membaca, peduli sosial jeung tanggung jawab*. Luyu jeung pamadegan Noor (2011:64) dina karya sastra ilaharna ngagambarkeun sawangan hirup pangarang, sawanganana ngeunaan ajén bebeneran nu baris ditepikeun ka pamaca.

Noor (2011:71) ngébréhkeun lima mangpaat pikeun kahirupan nalika ngaapresiasi sastra (anak) : (1) mangpaat éstétis, (2) mangpaat pendidikan, (3) mangpaat kapekaan batin atawa sosial, (4) mangpaat nambah pangaweruh, jeung (5) mangpaat pikeun ngamekarkeun kapribadian.

Aya sawatara panalungtik nu maluruh kumpulan carpon *Rusiah Kaopatwelas*, di antarana panalungtikan ngeunaan Rarangkén Tukang dina Kumpulan *Carita Pondok Rusiah Kaopatwelas Karya Darpan* (Tilikan Struktural jeung Semantis) ku Iyan Cahyani. Bédana jeung nu dipedar ku panulis nya éta can aya anu medar éta carpon ngeunaan étnopédagogikna.

Patali jeung hal anu dijéntrékeun di luhur sarta pikeun ngajawab rasa kapanasaran, ditalungtik Babandingan Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas Karya Darpan* pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA (Tilikan Struktural-Étnopédagogik).

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing, ku kituna diwatesanan ngeunaan struktural

Ria Dwi Fartika, 2015

BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung étnopedagogik anu aya dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* nu eusina 15 judul carita pondok jeung *Rusiah Kaopatwelas* nu eusina 15 carita pondok.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha struktur carita dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*?
- b. Ajén étnopédagogik naon waé anu nyampak dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*?
- c. Kumaha babandingan struktur carita dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*?
- d. Kumaha babandingan ajén étnopédagogik carita dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*?
- e. Naha struktur carita jeung ajén étnopédagogik dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas* bisa dijadikeun alternatif bahan ajar sastra di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna miboga tujuan. luyu jeung kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun di luhur bakal dilakukeun panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Struktur dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*;
- b. Ajén étnopedagogik anu nyampak dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*;
- c. Kumaha babandingan struktur carita dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*?
- d. Kumaha babandingan étnopédagogik carita dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*?

- e. Naha struktur carita jeung ajén étnopédagogik dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas* bisa dijadikeun alternatif pangajaran sastra di SMA?

1.4 Mangpaat Panalungtikan

a. Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta dipiharep bisa méré réferensi tilikan struktural jeung étnopédagogik dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas* sarta sumbangsih pikeun dunya pendidikan dina milih alternatif bahan pangajaran nu ngandung ajén étnopedagogik.

b. Mangpaat Praktis

1) Pikeun Panalungtik

Pikeun panalungtik sorangan, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngajembaran kaparigelan dina widang basa, sastra, jeung budaya Sunda.

2) Pikeun Guru

Pikeun guru, hususna guru basa Sunda dipiharep bisa nambahan kaparigelan dina milih bahan ajar.

1.4 Struktur Organisasi Tésis

Ieu panalungtikan disusun kana lima bab kalawan ngagunakeun struktur organisasi saperti ieu di handap:

BAB I: Bubuka

Eusina ngawengku kasang tukang, rumusan masalah tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, struktur organisasi tésis.

BAB II Landasan Téori

Eusina ngawengku sawatara hal anu jadi tatapakan panalungtikan nya éta: kamekaran carita pondok, wangenan carita pondok, ciri-ciri

Ria Dwi Fartika, 2015

BABANDINGAN KUMPULAN CARPON NU HARAYANG DIHARGAAN JEUNG RUSIAH KAOPATWELAS KARYA DARPAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

carita pondok, unsur-unsur carita pondok, struktur carpon, wangenan étnopédagogik, atikan karakter ngaliwatan étnopédagogik, bahan pangajaran sastra.

BAB III: Metodeu Panalungtikan,

Eusina ngawengku: métodeu panalungtikan, désain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, analisis data.

BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pedaran

Eusina ngawengku: sinopsis kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan jeung Rusiah Kaopatwelas*, analisis struktur, analisis ajén atikan karakter, bahan ajar, babandingan, jeung hasil pedaran.

BAB V: Panutup

Eusina ngawengku: Kacindekan jeung Saran.